# Yàlla dina musal nit ci samaw xeet ci kanamu mbindéef yépp ëllëg bis-pénc

Jële na ñu ci Abdullah Ibn Amr Ibnul Haasi -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Yàlla dina musal nit ci samaw xeet ci kanamu mbindéef yépp ëllëg bis-pénc, mu génneel ko juróom ñeent fukk ak juróom ñeenti téere, téere bune dana toll fa gisu bët yam, ñu ne ko: Ndax dagay weddi dara ci lii ? Ndax samay bindkat dañu laa tooñ ? Mu ne ko: Déedéet yaw Boroom bi. Mu ne ko: ndax kon am nga ngànt ? Mu ne ko: Déedéet yaw Boroom bi, Mu ne ko: ahakay, am nga fi nun aw yiw, te fii tay kenn du la fi tooñ, ñu génne ag kayit gog la ca nekk mooy: Seede naa ne amul kenn ku ñu war a jaamu ku dul Yàlla, Maa ngi seede ni Mohammat jaamam la di Yónenteem. Ñu ne ko: indil sa màndaxekaay, muy wax naan: ay sama Boroom lu kayit wii di jariñ ci wetu téere yii ? Ñu ne ko: kenn du la fi tooñ, nee na: ñu teg téere yi ci genn wàll, teg kayit wi ci geneen wàll, téere yi tasaaro, kayit wa daal di diis nit téere ya, dara du diis ci wetu turu Yàlla».

Leerarug hdiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak jàmm-, wax na ne Yàlla day tànn benn waay ci xeetam wi ci kanamu mbindéef yi ëllëg bis-pénc ba woo ko ngir càmbar ko, ñu gaaral ko juróom-ñeent-fukk ak juróom-ñeenti téere, te mooy téerey jëf yu bon yi mu daan def ci àdduna, te guddaayu téere bu nekk mi ngi toll ci guddaay bi bët man a gis, Yàlla mu màgg mi wax waa ji ne ko: ndax dangay weddi dara ci li ñu bind ci téere yi? Ndax sama Malaaka yiy bind dañu laa tooñ? Waa ji ne ko: déedéet yaw sama Boroom. Yàlla ne ko: ndax am nga ngànt lu ñu lay dogalal ci li nga jiital ci ay jëf ca àdduna ? ju tege ci njuumte walla ag réer, Waa ji ne ko: déedéet yaw sama Boroom amuma lenn ngànt. Yàlla ne ko: ahakay, am nga fi nun aw yiw, te tay kenn du la tooñ. Nee na: ñu génneel ko aw kayit nu bind ca: maa ngi seede ne amul kenn ku ñu war a jaamu ci dëgg ku dul Yàlla, di seede it ne Muhammat jaamu Yàlla la di Yónenteem. Yàlla ne waa ji: indil say màndaxekaay. Waa ji wax ngir yéemu ne: yaw sama Boroom! Naka la ñuy màndaxee kayit wii ci téere yii ?! Yàlla ne ko: deesu la tooñ. Nee na: ñu teg téere yi ci genn wàll, teg kayit wi ci genn wàll gi; wàll wi téere yi nekk daal di woyof, wàll wi kayit wi nekk daal di not daal di diis, Yàlla jéggal ko.